ml 84(5kaр)
S-31

XALMURAT SAPAROV

# SAP DENEDE — SAP AQIL



Книга должна быть возвращена не
позже указанного здесь срока

Количество предыдуших выдач

| | |
|---|---|
| ~~20.11.17.~~ | ~~3444~~ |

84(5кар)
S-31

XALMURAT SAPAROV

# SAP DENEDE — SAP AQIL

*(qosıqlar)*

NO'KİS
«QARAQALPAQSTAN»
2006

84(5каа) 
С-31

**Saparov X.** «Sap denede — sap aqıl». —No'kis, «Qaraqalpaqstan», 2006 жыл, 12 бет.

***Balalar ha'm jas o'spirimler ko'rkem a'debiyatı.***

Berdaq atındag'ı ma'mleketlik sıylıqtın' laureatı, Qaraqalpaqstang'a xızmet ko'rsetken ma'deniyat xızmetkeri, balalar shayırı Xalmurat Saparovtın' bul kitapshasına kirgen qosıqlar tiykarınan sportqa bag'ıshlang'an. «Den sawlıq—teren' baylıq», «Sap denede—sap aqıl» degen xalıq naqıl-maqalı kitapshanın' o'zegin quraydı.

***Kitapshanın' jarıqqa shıg'ıwına Qaraqalpaqstan Respublikası ma'deniyat ha'm sport isleri ministrligi, QR Ministrler Ken'esi Orta arnawlı, ka'siplik bilimlendiriw basqarması ha'm Respublikalıq balalar sportın rawajlandırıw qorı qa'wenderlik etti***

237746

MA'LİMLEME RESURS ORAYI

79356

S $\frac{4803000000}{M — 357 (04)—2005}$ Б—2006

ISBN - 5 - 8272 - 1785 - 9

© «Qaraqalpaqstan» baspası, 2006

## XALQIMIZDIN' PERZENTISEN' ARDAQLI

*(Tayboksten to'rt ma'rte ja'ha'n shempionı Erkinbay Qutıbaevqa)*

Jen'istin' u'stine jen'is qosıldı,
Alg'ıs aytar jası kishi, jas ullı.
Ma'rtligin'di pu'tkil du'nya moyınlap,
Talay shempionlar qolın qawsırdı.

Alpamıstın' ju'regindey ju'regin',
Denen' shoyın, som polattay bilegin'.
Shempionı bolıp du'nya ju'zinin',
Xalqımızdı quwanıshqa bo'ledin'.

Shınıqtırdın' ayaq-qoldı, barmaqtı,
Kuvaldaday judırıg'ın' salmaqlı.
Elimizdin' isenimin aqladın',
Xalqımızdın' perzentisen' ardaqlı.

Nebir-nebir dug'ıjımlı alg'ırdı,
Ringte ha'lsiretip taldırdın'.
Bayraq etip elin'nin' ar-namısın,
Ku'shin' menen ja'handi tan' qaldırdın'.

Baxıt qusı basın'ızg'a qonıp tur,
Ko'kiregin' zor shadlıqqa tolıp tur.
Sizdi tuwıp a'lpeshlegen anan'ız,
Bergen aq su'tine ırza bolıp tur.

Jen'impaz sportshı, batır tulg'alı,
Jıldan-jılg'a o'sti ku'shin' talmadı.
Quwat aldın', jiger aldın' xalqın'nan,
O'zbekstan g'a'rezsizlik alg'alı.

Erkinbay—kim, du'nya ju'zi sorasar.
Go'zzal kelbet turpatına qarasar.
Jer ju'zine eldin' atın tanıtqan,
Ma'rt jigitke ma'rtlik isler miyasar.

## SPORT SONDAY PAYDALI

«Sap denede—sap aqıl»
Degen ata-babalar.
Na'siyattay bul naqıl
El arasın aralar.

Sport menin' joldasım,
Qaldırmayman qasımnan.
Bulshıq etim qorg'asın,
Shınıqqanman jasımnan.

Shınıqqan son' ba'ri bir.
Issı ma, ya boran ba,
Sport—su'ygen ka'rim bul,
Usap turman qırang'a.

Suwlıq atqan alısqa,
Shabatug'ın attayman.
Megzep quwraq qamısqa,
Jalınlag'an ottayman.

Sport jastı tan'lamas,
G'arrı ma, ya kishi me.
Berdim og'an zor ıqlas,
Enip shıg'ar tu'sime.

Sport—solmas gu'limsen',
Boldım shadlıq tapqanday.
Qoldı sozıp kerilsem,
Tamırda qan shapqanday.

Sawhq jaqsı ne degen,
İyesimen baylıqtın'.
Sport nag'ız em eken,
Nawqasımnan ayıqtım.

Sport dese qulag'ım,
Erben'-erben' etedi.
Sport—jarıq shırag'ım.
Qa'lbimdi nur etedi.

Sport sonday paydalı,
Ba'rin aytıp dizbedim.
Denemde ku'sh qaynadı,
Sharshag'andı sezbedim.

Oyın usar jıyng'a,
Qızıqpag'an bilmeydi.
Barmay qalsam oyıng'a,
Aqsham uyqım kelmeydi.

Shınıg'aman ha'r ku'ni,
Waqıttı ko'p almaydı.
Onnan sira irkilip,
İsim keyin qalmaydı.

## JAS PALWANLAR BELLESTİ

Boyda qarıw ku'shi bar,
Gu'res dese qulshınar.
Kim jen'ilip, kim jıg'ar,
Jas palwanlar bellesti.

Salmaq boyı sappa-say,
Jawırını ken' qapıday,
Da'standag'ı batırday,
Jas palwanlar bellesti.

Shınıqqan ku'sh sharshatpay,
Ko'z qarashıq monshaqtay,
Bilekleri kelsaptay,
Jas palwanlar bellesti.

O'tpes bunda ta'silin',
Ku'sh jatpaydı jasırın.
Jıg'ajaq bastan asırıp,
Jas palwanlar bellesti.

İsmi ko'pke jayılg'an,
Tu'ri kelgen qayın'nan.
Ku'shlerine qayılman,
Jas palwanlar bellesti.

Ha'r ku'n sayın shınıg'ar,
Ko'kirekte namıs-ar,
Eldin' atın shıg'arar,
Jas palwanlar bellesti.

## GU'RESİWGE KEL MAG'AN

Boyıma qan taralar,
Bulshıq etim qataydı.
Klasımda balalar:
Palwan bala ataydı.

Shınıqtırdım denemdi,
Qarıw berdi ol mag'an,
Qollan tu'rli a'meldi,
Gu'resiwge kel mag'an.

Ken' zal, Eden u'stinde,
Jumsaq to'sek jayılg'an.
Ma'lim bolar ku'sh kimde,
Gu'resiwge tayınman.

Oyg'a awır almag'ıl,
Ko'kiregin' ken' bolsın!
Gu'reskende salmag'ın,
Menin' menen ten' bolsın.

## DA'RWAZAMAN

Tamashago'y jıynalg'an ko'p,
Tebilgen top—atılg'an oq,
Da'rwazag'a tu'sirmes top,
Epli, shaqqan da'rwazaman.

Boyın biylep namıs-sezim,
Palwan kibi tutıp o'zin,
Toptan ayırmaydı ko'zin,
Zor qırag'ı da'rwazaman.

Ken' qushag'ın turar ashıp,
Sekiredi ko'kke shapshıp,
Kelgen toptı alar qaqshıp,
Qolı epli da'rwazaman.

Hu'jimshiler toptı teber,
Bolmasa quwıp a'keler,
Pa'tli kelsede irkiler,
Jolın tosar da'rwazaman.

Tebilse de top ha'r qanday,
Da'rwazag'a ol qorg'anday,
Qolına uslap turg'anday,
Jen'is giltin da'rwazaman.

Top tu'sirmey da'rwazag'a,
Turg'anına boldım ırza.
İlayıqlı da'stan jazsa,
Sag'an arnap da'rwazaman.

## JUWIRIW

Alg'a pa'tli juwırdım,
Jeldi izde qaldırıp,
Aralıqtı quwırdım,
Sharshamaydı baltırım.

Ju'rek jaqsı isleydi,
Shmıqqan son' burınnan.
O'kpem sira o'shpeydi,
Dem alaman murınnan.

Juwırg'anda ha'r qashan,
Janım payız tapqanday.
Juwırıwg'a shıqpasam,
Deneme tas batqanday.

Juwırıwdan na'r alg'an,
Denem jen'il, talpındım.
Juwırıwg'a jaralg'an
Perzentimen xalqımnın'.

## TENNİS OYNAG'ANDA

Kiydim tennis formasın,
Quyılg'anday boyıma.
Bildim ku'shtin' talmasın,
Tu'sip kettim oyıng'a.

Raketka qolımda,
Oynadım top asırıp.
Burıldım on'-solıma
Oyında ko'p qashırım.

Aytsam tennis haqqında
Ku'shime ku'sh qosılar.

Oyında ko'p taktika,
Tu'rli-tu'rli usıl bar.

Shaqqan boldım talpınıp,
Arqayınhq bolmaydı.
Ayaq bassam aqırın,
Tennis su'ymes ondaydı.

Bazda alg'a umtıhp,
Qoldı shaqqan sermedim.
Top hawada tutılıp,
Tu'siwge jol bermedim.

Turmadım bir orında,
Bazda to'men iyildim.
Bazda qurg'an torına,
Qarshıg'aday shu'yildim.

Top tu'sirmey to'menge,
Soqqı berdim alıstan,
Tu'rli ta'sil bar mende,
Top sırına tanıspan.

Oyın qoymas ju'rgizbey,
Sha'pik boldım o'zim de.
Toptı jerge tu'sirmey,
Tez qaytardım izine.

Shaqqan ha'm de ku'shlimen,
İsenimdi aqladım.
Qarsı ta'rep u'stinen,
Zıyat upay topladım.

Barlıq mu'shem qozg'alıp,
Qa'delerin tennistin'
Hesh qashanda buzbadım,
Oylag'anım jen'isti.

Ku'nde tennis maydanı,
Iqlasımdı tartadı.
Jaqsı eken oynag'an,
Ku'sh-quwatım artadı.

Balalar bar qasımda,
Oynamag'a kelemen.
Jas qosılıp jasıma,
Azıq aldım deneme.

Tennis oyın paydalı,
Betti burıp tayınba.
Basqalarg'a aytarım,
Kelin' tennis oyıng'a!

## SHINIG'IWDIN' ARQASINDA

Shınıg'aman oynap ku'nde,
Quwat endi qol ha'm belge,
Ju'zip o'ttim da'rya, ko'lden,
Shınıg'ıwdın' arqasında.

Juwıraman jeldey esip,
Qatarımnan alg'a tu'sip,
Qalg'an emes o'kpem isip,
Shımg'ıwdın' arqasında.

Ozıp kelip jarıslarda,
Qolım jetti tabıslarg'a,
İye boldım alg'ıslarg'a,
Shınıg'ıwdın' arqasında.

Mashqı ettim erteli-kesh,
Jıg'ılıwdı kewlim su'ymes,
Arqam sira' jerge tiymes,
Shınıg'ıwdm' arqasında.

Gu'resemen palwan bolsa,
Turalmadım arqam qozsa,
O'sip atır ku'shim sonsha,
Shınıg'ıwdın' arqasında.

## GİMNASTİKA

Erte turıp azanda,
Gimnastika isledim.
Ayaq-qoldı sozg'anda,
Barar boyg'a ku'sh enip.

Alg'a qa'dem basqanım,
Jen'il sezdim o'zimdi.
To'sligindey ustanın',
Boldı denem to'zimli.

Ha'lsireter adamdı,
Boyg'a ense kesellik.
Ko'riwden ol qaramdı,
Qashıp keter seskenip.

Qa'lbim janar nur shashıp,
İye boldım qarıwg'a.
Xalqım qayda jumsasın,
Tayar turman barıwg'a.

Qızıqtırar bilemen,
Shınıg'ıwg'a qushtarlıq.
Sezip ju'rmen deneme,
Endi kem-kem ku'sh darıp.

## SHAXMAT OYNAG'ANDA

Eger shaxmat oynasam,
Qıyal ushar ahsqa.
Tu'skendeymen oylasaın,
Aylawdag'ı shabısqa.

Bazda keyin sheginip,
Bazda o'ttim hu'jimge,
Otırıppan berilip,
Tu'psiz teren' sezimge.

Bolıw kerek to'zim mol,
Shaxmatta ko'p qashırım.
Qarsılasım tosar jol,
Aldımda ko'p asırım.

Oyım o'sti ba'rhama,
Ko'p na'rseni uqqanday.
Qalıp qoysam ortada,
Jol izleymen shıqqanday.

Shaxmat «pirim» sıyıng'an,
Arttı og'an talwasım.
Jol tabaman qıyınnan,
Shaxmat aqıl qaltası.

Shaxmattan men pu'tinley,
Azıq aldım jamma.
Anamnın' aq su'tindey,
Engen menin' qanıma.

## TURNİK

Qurıssa eger denem,
Turnikke asıldım men,
Shmıqtım ko'terilip,
Ga' joqarı, ga' to'men.

Jatpayman endi ko'lbep,
Ton'bayman endi zirlep,
Turnikten taptım payda,
O'zimdi o'zim emlep.

Turnikke qızıg'aman,
Tartılıp sozılaman.
Qıysayıp jandı qıynag'an,
Ornına tu'sti qabırg'am.

Ku'sh endi bilegime,
Usı g'oy keregi de,
Turnigim da'rman berdi.
Motorım-ju'regime.

## TRENER

Sonsha miynet etkeni,
Ma'nlaydan ter to'kkeni,
Miynet bosqa ketpedi,
Shadlanadı trener.

Pisirip qam denesin,
Du'zetedi qa'tesin,
Saqlap sport qa'desin,
U'yretedi trener.

Seyislengen zor attay,
Qusqa pitken qanattay,
Sha'kirtlerin polattay,
Shınıqtırar trener.

Tan' jadırap atqanday,
Suwdan balıq tutqanday,
Bolar o'zi utqanday,
Sha'kirti jen'se trener.

## JASIN'A JAS QOSADI

Jasın'a jas qosadı,
Boyın'da ku'shin' tasadı.
Keleshegin' nur shashadı,
Sport penen shınıqsan'.

Bolasan' ba'rha harımas,
Awırıw sag'an darımas.
Densawlıg'ın' ayrılmas,
Sport penen shınıqsan'.

Jen'illener miynetin',
Ko'resen' el ziynetin,
Sulıwlanar kelbetin'».
Sport penen shınıqsan'.

## KU'SHKE TOLDI

Ku'shke toldı bilegim,
Sha'wkildeydi ju'regim.
Sport edi jasımnan,
Orınlandı tilegim.

Bilmedim jazda ıssım,
Ton'badım sira' qıs ku'ni.
Jazdag'ıday jaynag'an,
Boldım mudam «qıs gu'li».

Shınıqtırdım denemdi,
Bilmedim sharshaw degendi.
Bildim sport paydasın,
Shırayıma gu'l endi.

MA'LİMLEME
RESURS
ORAYI
79356
237746

## MAZMUNI

Xalqımızdın' perzentisen' ardaqlı....3
Sport sonday paydalı....4
Jas palwanlar bellesti....5
Gu'resiwge kel mag'an....5
Da'rwazaman....5
Juwırıw....6
Tennis oynag'anda....6
Shınıg'ıwdın' arqasında....7
Gimnastika....8
Shaxmat oynag'anda....8
Turnik....9
Trener....9
Jasın'a jas qosadı....9
Ku'shke toldı....10

XALMURAT SAPAROV

# SAP DENEDE — SAP AQIL

*(qosıqlar)*

*Qaraqalpaq tilinde*
*«Qaraqalpaqstan» baspası*
*No'kis—2006*

Bas redaktorı *J. İzbasqanov*
Redaktorı *G. Pirnazarova*
Xudojnik *E. Xojamuratov*

İB № 5296

Teriwge berilgen waqtı 24.02.2006 Basıwg'a ruxsat etilgen waqtı 1.03.2006.
Qag'az formatı 60 x 84 1/16. Ofset usılında basıldı. Garniturası—«Times».
Ko'lemi 0,75 b/t, 0,45. esap b/t. Ja'mi 2000 nusqada. Buyırtpa №198
Bahası sha'rtnama boyınsha.

«Qaraqalpaqstan» baspası
*742000, No'kis qalası, Qaraqalpaqstan ko'shesi, 9*

J. SH. J. No'kis poligrafkombinatı, 742000. No'kis qalası,
Qaraqalpaqstan ko'shesi, 9.